



Pou Piblikasyon Imedya: 09/05/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ETA A AP EDE DEVLOPE KRITÈ NASYONAL POU IDANTIFYE AK REPONN A MALADI KI AN RAPÒ AK COVID YO KAY TIMOUN YO**

*Depatman Sante Eta ap fè patenarya ak NY Genome Center ak Rockefeller University pou fè yon etid sekans jenom ak RNA pou pi byen konprann maladi lakay timoun yo ki gen rapò ak COVID*

***Lopital yo rapòte 73 ka maladi ki an rapò ak COVID yo kay timoun yo ak sentòm ki menm jan ak maladi Kawasaki oubyen sendwòm ki tankou chòk toksik; Maladi la te retire lavi twa jèn Nouyòkè***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke sou demann CDC, eta a ap ede devlope kritè nasyonal pou idantifye ak reponn a maladi ki an rapò ak COVID yo. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta ap fè patenarya tou ak NY Genome Center ak Rockefeller University pou fè yon etid sekans jenom ak RNA pou pi byen konprann maladi lakay timoun yo ki gen rapò ak COVID ak baz jenetik posib sendwòm sa a.

Te genyen 73 ka ki rapòte nan New York kote timoun - prensipalman timoun ki gen laj pou ale lekòl yo - te gen sentòm tankou maladi Kawasaki ak sendwòm tankou yon chòk toksik ki posib akòz COVID-19 la. Maladi la te retire lavi twa jèn Nouyòkè, ki gen ladan yon ti gason 5 nan Vil New York, yon ti gason 7 nan Konte Westchester ak yon adolesan nan Konte Suffolk.

Moun New York yo ta dwe chèche swen imedyatman si yon timoun genyen:

- Lafyèw pwolonje (plis pase senk jou)
- Difikilte pou manje (timoun) oubyen twò malad pou bwè likid
- Doule grav nan abdomèn, dyare oswa vomisman
- Chanje koulè po - vin pal, enstab ak / oswa ble
- Pwoblèm pou respire oswa respire trè rapid
- Akselerasyon doule kadyak oubyen doule lestomak
- Diminisyon kantite frekans pipi
- Letaji, iritab oubyen konfizyon

"Kounye a nou gen yon nouvo pwoblèm ki rive nan batay kont COVID-19 la ki vrèman deranjan e li afekte Nouyòkè ki pi jèn yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Depatman Sante a aktyèlman ap etidye 73 ka timoun ki gen enflamasyon nan veso sangen yo antanke konplikasyon ki lye ak COVID-19 la, epi twa jèn Nouyòkè deja pèdi lavi yo kòm

konsekans maladi sa a. CDC a te mande New York pou li devlope yon kritè nasyonal pou maladi sa a, epi eta a ap travay tou avèk NY Genome Center ak Rockefeller University pou mennen yon etid pou ede nou pi byen konprann li. Sa a se yon nouvo devlopman ki bay pèrèz, men rete asire nou ap fè tout sa nou kapab pou nou aprann plis epi kenbe paran yo enfòmè."

Sou direksyon Gouvènè Cuomo, Depatman Sante Eta a te emèt yon avi sou maladi enflamatwa grav sa ki rele "Sendwòm enflamatwa miltisistèm pedyatrik ki asosye ak COVID-19", pou enfòmè founisè swen sante yo de kondisyon, epi bay oryantasyon pou tès ak rapò yo. Yo egzije founisè swen sante yo, ki enkli lopital yo, pou repòte bay Depatman Sante a tout ka sendwòm enflamatwa miltisistèm pedyatri ki gen chans pou asosye ak COVID-19 la ki gen pi piti pase 21 an.

Byenke pifò timoun ki gen COVID-19 genyen sentòm lejè, nan Wayom Ini yo te repòte yon lyen posib ant ka pedyatri COVID-19 ak maladi enflamatwa grav. Sendwòm enflamatwa a gen karakteristik ki antremele ak maladi Kawasaki ak sendwòm chòk toksik e sa ka rive kèk jou oubyen semèn apre maladi COVID-19 grav. Li ka genyen lafyèv pèsistan, sentòm nan vant, gratèl, e menm sentòm kadyovaskilè ki egzije swen entansif.

Li esansyèl lè pedyat la rekonèt sa bonè epi refere yo bay yon espesyalis, ni pou swen entansif. Tès molekilè ak sewolojik pou COVID-19 kay timoun ki montre sentòm ki anwo yo, rekòmande. Tès majorite pasyan yo te pozitif pou COVID-19, kèk nan tès molekilè SARS-COV-2, lòt nan tès sewolojik.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)